«Адыгэ псалъэ» газетыр нобэ илъэс 95-рэ ирокъу

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№64 (23.878) ● 2019 гъэм мэкъуаугъуэм (июным) и 1, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэм я лэжьакІуэхэм я деж

Пщіэ зыхуэсщІ ныбжьэгъуэ!

Си гуапэу сынывохъуэхъу пІалъэ гъуэзэджэмкІэ - «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъумкІэ.

А илъэс псоми фи газетхэм къекІуэкІ Іуэхуэхэр тэмэму икІи а зэманым къагъэлъагъуэ, къытрадзэ тхыгъэхэр зытеуухрэкІи жанрКІи зэмыщхъу зэрыщытыным емызэшыжу бгъэдэтщ. Фэ махуэ къэс евгъэкІуэкІ лэжьыгъэр хуэунэтІащ газетым еджэхэм зыхуеину, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, пэжыгъэ зыхэлъ информацІэ республикэм, къэралым я жылагъуэ-политикэ, социально-экономикэ, щэнхабзэ гъащІэм теухуауэ къаІэрыхьэныжмкІэ яІэ хуитныныгъэр къызэгъэпэщыным. Фи гупэжм хэту мэлажьэ фи Іэщ1агъэ мытынышым, ауэ мыхьэнэшхуэ зиІэм гукІи псэкІи хуэпэж, зи щІэныгъэр, зэфІэкІыр, къарур абы хуэзыгъэпс цІыху гъуэзэджэхэр.

Жылагъуэр зэкъуэгъуэвэным, абы и зэфІэкІыр лэжьыгъэм хуэзщІэгъэуІуэным, республикэм мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным «Адыгэ псалъэ», «Заман» газетхэр адэкІи жыджэру зэрытелажьэнум шэч кьытехьэркъым.

Уэнщагъэ быдэ,ефІэкІуэныгъэ фиІэну, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и фІыгъуэм хуэунэтІа лэжьыгъэм творческэ ехьулІэныгъэщІэхэр къыщыфхьыну сынывохъуэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Москва лэжьыгъэ Іуэхуцкіэ щыэзэщІащ УФ-м Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр Чеботарёв С. В., КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. сымэ

Дыгъуасэ Москва щыізэхуэзащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхьэрэм и Іуэхуэхэмкіэ и министр Чеботарёв Сергейрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм 2016 - 2025 гъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкІэ зэрызиужьыну щыкІэр» программэ къуэдзэм хьихэ щыІнаІэ инвестицэ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум, илъэс гъунэгъуэхэм зэфІагъэкІын хуейуэ яубзыхуэ проектхэр дэІыгъэныным, щыналъэм и производственнэ, инвестицэ зэфІэкІхэм хэгъэхъуэным теухуауэ щыІэ Іэмалхэм, апхуэдэуи туризмэм пыщІа Іэнатіэхэр зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ1анІэ.

Путин Владимир «Адэ-анэм я щІыхь» орденыр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ унагъуэу бын куэд зиІэм иритащ. Дауэдапщэм хэтащ КІуэкІуэ Казбек

Сабийхэр хъумэнымкІэ дунейпсо махуэм и пэ къихуэу Урысейм и Президент Путин Владимир бын куэд зиІэ унагъуэхэм Кремлым щаритащ «Адэ-анэм я щІыхь» орденыр. А зэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек.

«ФЭ ФХУЭДЭ унагъуэхэр, фэ фхуэдэ цІыхухэр ди къэралым и хъугъуэфІыгъуэщ, и дамэщ. Дэ дыхущІэкъуныщ апхуэдэ цІыхухэр зэпымыууэ нэхъыбэ зэрыхъуным. Иджырей лъэхъэнэм псоми я лъабжьуэ щыт къалэныр адэмрэ анэмрэ я пщІэр гъэбыдэныри, сабий куэд зыпІхэм жылагъуэм щаІэ пщІэр къэІэтыныри. Сэ щэч кьытесхьэркъым бын зиІэ унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкІи защІэгъэкъуэныр къэралми, цІыхубэми, дин зэгухьэныгъэхэми я зэхуэдэ къалэну зэрыщытым. Мы Іуэхум хеубыдэ бын куэд зиІэхэм налогхэм я лъэныкъуэкІэ яхудэчыхыныр, ахъшэкІэ ядэІэпыкъуныр, ипотекэ программэхэм хиубыдэу льготэхэр яхуэгъэувыныр, сабий садэмрэ яслъэхэмрэ зегъэубгъуныр икІи дэ фІэкІыпІэ имыІэу а Іуэхуэхэм адэкІи дегугъуныщ икІи апхуэдэ лэжьакІэр зэпымыууэ едгъэфІэкІуэнущ», - къыхигъэщхьэхкІащ Путин Владимир.

Къэрал наградэ лъапІэр зрата зэщхьэгъусэхэм яхэтщ Аруан районым щыщхэу Маркевичхэ Пётррэ Ольгэрэ. Абыхэм бын 12 яІэщ. Хъыджэбз нэхъыжь Кристинэ промышленость псынщІэмкІэ Ростов дэт техникумыр къиухри, щыгъын дынымкІэ конструктор-технолог Іэщ1агъэр зригъэгъуэтащ. Игоррэ Викториерэ къаухащ Къэбэрдей-Балъкъэр гуманитар-техникэ колледжымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр сатутехнологие техникумымрэ. И къуэш нэхъыжьым дэплъейри, Вениамин гуманитар-техникэ колледжым щІэныгъэ щызригъэгъуэтащ. Невинномысск дэт энергетическэ техникумыр къиухауэ, къыкІэлъыкІуэ щІалэ Евгений иджыпсту хъарэзынэу Москва щолажьэ. Адрей нэхъыщІэхэр щоджэ Нарткъалэ и курыт школ №2-м. Ахэр музыкэм, спортым дехьэх. Маркевичхэ Пётррэ Ольгэрэ уней лъапсэр зэрахьэ, бжьэ ягъэхъу. 2017 гъэм ахэр щытекІуащ «Илъэсым и унагъуэ» урысейпсо зэпеуэм.

«Адэ-анэм я щІыхь» орденыр къызэрратамкІэ Маркевичхэ я унагъуэм ехьэхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ Сабийм и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президен- тым и деж щыІэ Кузнецовэ Аннэрэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ1анІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэм теухуауэ цІыхухэм зэрехьэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Си гум къыбгъэдэкІыу сынывохъуэхъу Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэмкІэ.

А махуэр щытщ дэ дэтхэнэ сабийм щхьэкІи жьхэсщІхэ зэрытхьыр дигу къэзыгъэкІыжу. Иджыпсту ди къэралым и политикэр теухуауэ сабийхэм унагъуэм щытыкІэ тэмэм къащыхуэзгъэпэщыным, щІэныгъэфІ ягъуэтыным, я узыншагъэм тэмэму кІэлъыплъыным, абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и зэчийхэмрэ зыхуэІэкІуэлъакІуэхэмрэ яІуэ къащІыныкІэ Іэмал иратын папщІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым программэ зыбжанэ щагъэзащІэ унагъуэр, анагъэмрэ сабиигъуэмрэ япыщІа Іуэхуэхэр дэгъэкІыным ехьэлІауэ. Дяпэкі дэ тхузэфІэкІ къэдгъэнэнукъым сабийхэм я сэбэп зыхэлъхэр пхыдгъэкІыным хуэунэтІауэ, егъэджэнныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, псэкупсэ зыужьыныгъэ ягъуэтыным, сабийм и хуитныгъэхэр къахуэзгъэпэщыным хуэгъэзауэ къуэр къалэнхэр дгъэзэщІэнущ.

Сабийхэм дахуэсакъкІэрэ, дэ ди къэкІуэнум дыхуолажьэ. Си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэшхуэ яхузощІ адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, гъэсакІуэхэм, медицинэ, социальнэ лэжьакІуэхэм, къытщІэхъуэ щІэблэр гъэсэным зи кьарурэ зи псэм щыщ Іыхьэрэ езыхьэлІэ дэтхэнэми.

Республикэм щыпсэухэм узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэрэ зэІузэпащІэгъэ фиІэну си гуапэщ. Дэтхэнэ ныбжьыщІэми сабийгъуэ насыпыфІэ иІэну, и къэкІуэнур дахэу щытыну сохъуэхъу.

Щіалэгъуалэм я ехъулІэныгъэ

КЪБР-м и Парламентым иджыблагъэ къыщыІэзэщІакъуэжащ «Си хабзэубзыху жэрдэм» урысейпсо щІалэгъуалэ зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэм кърикІуар.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭР епщыкІуплІанэу мы гъэм екІуэкІащ. КъызэгъэпэщакІуэ комитетыр зэпльащ курыт школхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм щІэсхэмрэ щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэмрэ къагъэхьа лэжьыгъэ 32-м. НэхъыфІу къалъыта лэжьыгъэ 16-р зи Іэдакъэ кьыщІэкІаХэр накъыгъэм и 27-м щагъэпэжащ республикэм и хабзэубзыху орган нэхъыщхьэм.

А Іуэхум хэтащ КЪБР-м и Парламентым и Унафэщым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, КЪБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Іэзычэ Светланэ**, Мэкъумэш политикэмкІэ, щІыуэпсыр хъумэнымрэ ар къэгъэсэбэпынымкІэ, щІы Іуэхуэхэмкіэ комитетым и унафэщІ Мокаев Кемал, Социальнэ политикэмкІэ, лэжьыгъэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ и комитетым и унафэщІ **Къэжэр Хъусен**.

Жанатаев Сэлим щІалэгъуалэм фІыщІэ яхуищІащ зэхьэзэхуэм жыджэру зэрыхэтам, республикэм и гъащІэмрэ абы щыізекІуэ хабзэхэмрэ зэрафІэгъэщІэгъэным папщІэ.

Зэпеуэм и «Социальнэ политикэ» Іыхьэм япэ увыпІэр къыщахьащ Тэрч къалэм дэт лицей №1-м щІэс Балъкъэр Маратрэ КЪБР-м и Парламентым и Щіалэгъуалэ палатэм хэт Макъей Альбинэрэ. «Щіалэгъуалэ политикэ» Іыхьэм - Нартан къуэжэм и курыт школ №2-м щеджэ Жанджэрий Къантемыр. «Экономикэм и политикэ» Іыхьэм япэ увыпІэр щІызэдагуэшащ Налшык къалэм дэт гимназие №4-м и гъэсэн Бэчбо Инал, Уэлджыр Назир, КЪБР-м и Парламентым и Щіалэгъуалэ палатэм хэт Сокъур Астемыр сымэ. КЪБР-м и Парламентым и Щіалэгъуалэ палатэм хэт МэсейИслъам пашэ щыхъащ «Зыхьумэжыныгъэмрэ шынагъуэншагъэмрэ» Іыхьэм.

Жанатаевым щІалэгъуалэм яритыжащ щІыхь тхыльхэмрэ саугъэтхэмрэ. Дамыгъэ щхьэхуэхэр хуагъэфэщащ ныбжьыщІэхэм я щІэныгъэ унафэщІхэми.

Іэзычэ Светланэ жиІащ зэпеуэм и федеральнэ Іыхьэм хэтыну лэжьыгъащ УФ-м и Къэрал Думэм зэрырагъэхьар. Урысейпсо зэхьэзэхуэм и къызэгъэпэщакІуэ комитетым щыщ Іыхьэ тхыльхэр абыхэм къахуигъэфэщащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІалэгъуалэр ирагъэблэгъат зэпеуэм хэтыну, ауэ щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкІэ ахэр кІуэфакъым. «Дыщогугъ, етІанэгъи ди щІалэгъуалэм я екъулІэныгъэхэмкІэ дагъэгуфІэну», - жиІащ Іэзычэм.

БЕЛГЪЭРОКЪУЭ Марьянэ.

● КЪБР-м и Парламентым

Къалэм и хьэблэ нэхъ пхыдзар газкІэ къызэрагъэпэщащ

Прохладнэ къалэм и «Ищхъэрэ» хьэблэм газыр зэбгрышын щаухащ. Адэкіэ елэжьынущ псы зрикІуэ бжьамийхэр зэхъуэкІыным. Абы теухуа проектыр зэхалъхьри къащтащ.

МЫ ХЬЭБЛЭР газкІэ къызэрызэмыгъэпэщам щІыхуэр гугъу иригъэхьырт икІи а Іуэхур 2019 гъэм и мазаем къыщІэтэуэ щытащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм а щІыналъэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ1анІэ.

Хасэм и лэжьыгъэр къепщытэж

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэр дыгъуасэ кІуам Налшык къалэ щекІуэкІащ. КъАХ-м къалэмрэ щІыналъэхэмрэ щиІэ къудамэхэм я лЫкІуэу 200-м нэблагъэ хэтащ зэхуэсышхуэм.

АБЫ и Іуэхум хэлэжьыхьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**, КЪБР-м Граждан жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къуэдзэ **Герговов Джамбулат**, КЪБР-м и Парламентым и комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, КЪБР-м и Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр зэзыгъэІуу советым и унафэщІ **Кьалмыкъ Жылэбий**, КЪБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ **Берд Хьэзрэтэтлий** сымэ. ЗэІущІэр иригъэкІуэкІащ УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий**. Зэхуэсышхуэр зэрекІуэкІыну жьыпхьэкъэ нубзыхуэ нэужь, кьыззэусахэр яхуэщыгъуащ КъАХ-м блэкІа илъэсхэм жыджэру хэлэжьыхьа, дунейм ехьжа нэхъыжьыфІхэм. Япэу псалъэ зрата, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфыщіэ Мухьэмэд** убгуауэ тепсэлъыхьащ Хасэм 2013 - 2018 гъэхэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм, зыхэта Іуэхугъуэхэм, нобэ зи уже итхэм. КъАХ-р Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрыдэлажьэм, иригъэкІуэкІ Іуэхуэхэм я мыхьэнэм тепсэлъыхьащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Апхуэдэуи зэІущІэм къыщыпсэлъащ **Къущхьэтіу Хьэутий**, **Балэ Людмилэ**, **Кьалмыкъ Жылэбий**, **Къардэн Мурат**, **Къуэжей Артём** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Адэкіэ зэхуэсышхуэм и кьалэн нэхъыщхьэр арати, абы Іэткіэ щыхахащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр, абы и къуэдзэхэр, КъАХ-м и Президиумым, Советым, Къэзыпщытэ-къэзыбж комиссэм кьэкІуэну илъэситхум хэтынухэр. КъАХ-м и тхьэмадэу кьыкІэлъыкІуэ пІалъэми лэжьэну, псори зэдзэрэзыуэ хахыжащ Хьэфыщіэ Мухьэмэд. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Х зэхуэсышхуэр зэрекІуэкІам теухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и кьыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

НЭЩІІПЫДЖЭ Замирэ.

Ищхъэ щІыналъэм зэпІэзэрыту зегъэужьыным теухуа зэхъуэхъэхуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІынущ

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и Совет нэхъыщхьэм и жэрдэмкІэ мэкъуауэгъуэм и 1 - 3-хэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щрагъэкІуэкІынущ Кавказ Ищхъэрэм зэпІэзэрыту зегъэужьыным теухуа зэхъуэхъэхуэ.

АР зыхуэунэтІар щІыналъэхэм зегъэужьыныкІэ лъэпкъ проектхэм щІыбзыхуа Іуэхуэхэр гъэзэщІаныи хуэунэтІа социально-экономикэ, инвестицэ программэхэр зэщІыгъуу зэхэлъхьаныи властым, бизнесым, щІэныгъэм я лІыкІуэхэм я зэфІэкІыр хуэзщІэгъэуІуэныгъэмрэ, гугъуехь пыуухыкІаХэр къызэнэкІыным теухуа чэнджэщхэр зэхэлъхьэныщ.

Мы Іуэхур къызэрагъэпэщ Социально-консервативнэ политикэмкІэ центрым, КЪБР-м и Правительствэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ1анІэ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм зыхуагъэхьэзыр

Къэбэрдей-Балъкъэрым щынагъэблагъащ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрагъэпэщыным пыщІа лэжьыгъэхэр. Мы гъэм узыншагъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1анІэу, санаторэу 40-м, апхуэдэу цІыкІухэр махуэм здэщыІэну лагерь 24-м псори зэхэту сабий 9500-м щІигъум зыщагъэпсэхуныщ.

Еджакіуэхэм я узыншагъэр егъэфІакІуэным кьыдэкІуэу, сменэ щхьэхуэхэр къызэрагъэпэщынущ гъэсэныгъэм, спортым яхуэгъэзауэ. Иджыпсту ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм хиубыдэу гулъытэ хэха хуащІ цІыкІуэр зэрагъэшхэну щІыкІэм, медицинэ Іуэхухэм, шынагъуэншагъэм.

Гъуэгур зэрагъэпэщыж

«ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» пІэпкъ проектыр гъэзэщІэным хиубыдэу Дзэлыкъуэ районым щрагъэжащ «Малкэ - Ингушлы» автомобиль гъуэгум щыщ Іыхьэу километри 4,595-рэ хъур капитальнэу зэгъэпэщыжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр.

Гъуэгу ухуакІуэхэм а Іыхьэм инженер коммуникацэхэр щызэрахъуэжыным, гъуэгу зэпрыкІыпІэхэр зыуей щыхуагъэзэнущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхуащ1анІэ.

● Лъэпкъ Іуэху

Лъэужь дахэ гъащIэм щыпхызыша

Теувэжыкъуэ Анатолэ илъэс куэдкIэ дэлэжьа псоми жаIэ и къалэн гъэзэщIэкIэкIэ ар зэбгъапщэ хъун къызэрыт-хэмытар.

МАХУЭ къэс газетыр зыхуей хъыбарыщIэхэр зэхуэхьэсыныр, республикэм щызэхафIэ лэжьыгъэхуэхэм репортажхэр къищIыкIыныр зи къалэн къудамэм и унафэщIт Толи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и пIанэпсэу ар здынэмыс къигъанэртэкъым. ЛэжьыгъэкIэ зэрыахъыпсэманым хуэдэу, цIыхугъэкIи Толэ хуэдэ уигъэлъыхъуэнт. ЗэрыхуэзфIэкIкIэ ар хэти дэIэпыкъурт, гуауэ къызыгъэлъыкъуэкIым дитэпсыныщIэрт, гуфIэгъуэ зиIэм езым и щхьэм хуищIэм хуэдэу диIэтырт.

ГъащIэм, псэныгъэм пыщIауэ ар чэнджэщэгъуэ зыщIхэри щытэкъым. И Iуэху зэхуэмыхъуу, гуныкъуэгъуэ иIэу е нэгъуэщI зыгъэрым щIэупщIэну газетым и редакцэм къыщIыхьэхэм я нэхъыбэр Теувэжыкъуэм дежт щетIысэхыр. Ахэр къыхуэкIуэн хуей щIэхъуам щIэупщIэрти, сэбэн зэрахъэхъуфынум шэч къытримыхьэу, щыпIэхэм телефонкIэ псэльэн щIидзэрт.

Апхуэдэу мыри кIынэжащ си гум. Зы мазэуз гъэрым кабинетым къыщIохьэ газетым къызэрыкIуэрэ куэд мыщIа щIалэр. «Бэлъто къэсщэхунщи, сызыхуейм хуэдэ згъэутыркъым. Толэ цIыхугъэ и куэдщи, зыгуэр къыпхуищIэнщ къызжалати, сыкъыщIыхьащ». Ар егъэтIысри, къыщIыхуэIуэм дакъикъэ бжыгъэкIэ хуэзфIегъэкI.

Толэ и лэжьэгъуэм яхэтар закъуэтIакъуэщ я цIэ дыдэмкIэ еджэу. Абыхэм кахуигупсыс етIуанэ цIэр зыми щхьэжэ ищIырэкъым, гуапагъэр, яхуищI пщIэр зэрилъабжьэр къагурыIуэрти.

Теувэжыкъуэм хэлъ хьэлыкIхэм ящыщ щыт мыри. ЛэжьакIуэщIэ къытхыхьамэ, сыткIи зэрыдэIэпыкъуным яужь итт. Апхуэдэм и апэ тхыгъэхэу газетым къытехуэхэм Толэ еджэрти, къехъулIауэ хилъагъуэхэм и гуапэу тепсэлъыхьырт, нэхъ гу зылъитэр хуейуэ кIилъытэмкIи чэнджэщ щхьэпэ иритырт. Хэт уцышIми емылъытауэ, фIы уху-зэмэ зи гуапэ цIыхуращ апхуэдэу щытыфынур.

Апхуэдэу цIыху къабзэу, ныбжьэгъуфIу, журналист емызэшыжу дунейм тетащ, лъэужь дахи гъащIэм къыщинащ Теувэжыкъуэ Толэ.

НАРТЫКЪУЭ Мусэ.

Куэдым хэзагъэ

Мы дунейм цIыху дэнэ къэна, жыг тхьэмпхэми зэщхьу тIу яхуымыгъуэтэну щIэныгъэлIхэм къалъытэ, ауэ хьэл-щэнкIи, я гупсысэкIэкIи нэхъ зэтехуэхэр мащIэкъым. Яныкъуэхэр дахагъэм зэрешалIэ, адрейхэр яхэлъ мыхъумыщIагъэхэм зы ящI. Абы тету цIыхубэр тIу ипщыкIмэ, МуIэд зыхьхьэр, щэч хэмылъу, нэхъыфIыпIэрщ. А цIыху щыпкъэм и дуней тетыкIэм щыгъуаз псори абыкIэ арэзы къыддэхъуну ди гугъэщ.

1989 ГЪЭМ «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу Гъубжокъуэ МуIэед къыщагъэкIуам ар гупым щIэх дыдэу къыхэзгъэуэ щытащ. Япэу нэм къыIуидзэр зэрылъагъуэфIэрами, и лэжьэгъуэхэр дыдэзыхьэхар и хьэл-щэн зэтетырт.

ЩIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, газет Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкIт МуIэед. И лэжьыгъэм апхуэдизкIэ Iэзэти, ар зыкIи гугъу ехьу къыпщихъурт хъуэкъым. Анэдэлъхьэзм илъэс куэдкIэ ирилжьауэ фIэкIа умыщIэну, ар игъэшэрыуэрт, абы зэрилъэзэхуэжа тхыгъэхэр хэпщIыкIыу нэхъыфIыурт. Дэтхэнэ журналистми езым и хъэтI зэриIэжыр, и бзэ зэрыIурылъыжыр, псори зы къупхъэм ибгъэзагъэмэ, газетыр гъэщIэгъуэн зэрымыхъунур фIыуэ ищIэрти, «Дауэ сщIыми, зыгуэр хэслъхьэнщ, сэ сызэрыхуейуэ зэсхъуэкIынщ», - жиIэу ар зэи тхыгъэм хэIэбэртэкъым. КъыдэкIыгъуэм елэжьхэм я дэтхэнэ дакъикъэри зэрызэпэлъытари зыхищIэрт,

«Ленин гъуэгум» къэкIуэн ипэкIэ ар «Маяк» Аруан район газетым и редактору илъэс зыбжанэкIэ щытати, редакцэ лэжьыгъэм и мызакъуэу, типографиеу газетыр зэрыщызэпкърыхьэ щIыкIэми фIыуэ хищIыкIырт МуIэед. Тхыгъэхэр напэкIуэцIхэм нэхъ дахэу игъэувэным теухуа чэнджэщ щхьэпэхэр секретариатым щIэсхэми ящIытырт. ЖыпIэнурамэ, куэдым хуэIэзэ, газетыр япэкIэ зыгъэкIуэтэфын лэжьакIуэ къахьыхьат гупым.

«Жэщ редакцэми» щылэжьэн хуейуэ мызэ-мытIэу къыхуихуащ МуIэед. Пщэдджыжьым жьыуэ Iэхум яужь ихьами, газетыр къыщыдэкIыр жэщырт. Гувауэ зи лэжьыгъэр зыуха гупыр зэрыкIуэжьын ямыгъэуту къыщынэр, ахэр зэбгрызышьыжьын хуей машинэр къыщымыкIуэр мащIэтэкъым. Апхуэдэхэм деж, МуIэед и «хэрэгъулIгъуэр» хуэзамэ, уэрамым дыкъыдинэу зэи кIуэжакъым. Гугъу едмыгъэхьыну зытхъунщIэми, дэтхэнэри и унэм нигъэсыжьыри, итIанэт езыр Нарткъалэ щыкIуэжыр. Ар къытехьэлъэу зэи гу зылъыдигъэтакъым, лэжьыгъэ нэужьым апхуэдэ Iуэхугъэбзэ зыгуэрым хуэпщIэныр зэрымытынщыр дэ фIыуэ тщIэ пэтми.

Мис апхуэдэ гуапагъэ, хабзэ дахэ куэд къыткIэлъыIэзэрихьащ МуIэед дэлэжьахэм. Адыгагъэу и адэ-анэм я жьэгум къыщыщтар игъэпэжу ноби къоГуэгурыкIуэ Гъубжокъуэр.

Дахэу къытхэта цIыху зэпIэзэрытыр илъэс зыбжанэ фIэкIа къыддэмылажьэу дигу кьеуэу IукIыжащ. Аущ газетым щымылэжьэжми, абы зэрыпыщIа «лъынтхуэхэр» зэпычатэкъым - ар Федеральнэ пощт зэпыщIэнныгъэхэмкIэ республикэ управленэм и Аруан район къудамэм и унафэщIу ягъэуври, и анэдэлъхубзэкIэ къыддэкI газет закъуэм и нэIэ къытет зэпытащ.

НАРТЫЖЬ Ринэ.

«Адыгэ псалъэ» газетым и япэ номерыр къызэрыдэкIрэ илъэс 95-рэ ирокъу

Газетыр зыгъэдахэхэм, къеджэгъуафIэ зыщIхэм ящыщщ сурэтхэр. Тхыгъэр зытеухуа цIыхум и сурэт хэтмэ, ар уимыкIуасэми, абы уепсэлъыпIа хуэдэу мэхъу. Апхуэдэщ Iуэхугъуэ гуэрхэм ятеухуа тхыгъэхэри - зи гугъу ящIыр къэзыгъэлъагъуэ теплъэгъуэхэр хэгъэуавмэ, ар яхэтэ гъэщIэгъуэн, щIэджыкIакIуэри абы хэша мэхъу.

Гупыр зыгъэгупт

ЩIэДЖЫКIАКIУЭМРЭ щIыгъуэ зытепсэлъыхьымрэ нэхъ зэпэгъунэгъу щIын къалэн игъэзащIэу илъэс пщыкIублкIэ - 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ 1999 гъэ пщIондэ - адыгэ газетым щылэжьащ Щомахуэ Владимир.

Ар 1936 гъэм шыщхьэуIум и 11-м Тэрч куейм хыхьэ Кupп Ищхьэрэ - Къанщууей - къыщалъхуащ. ЩIалэ Iэчлъэчыр зэрыцIыкIу ГъандэрэФ спортым дихьэхырти, курыт школ нэужьым Москва Физкультурэмрэ спортымкIэ и институтым щIотIысхьэ, щыгтхъу иIэуи 1960 гъэм кьеух. И зэфIэкIхэм кIуэ пэтми хигъахъуэурэ атлетикэ хьэпсэмкIэ спортым и мастер мэхъу.

Республикэм къигъэзэжа иужь, Владимир Налшык технологие техникумым и унафэщIым и къуэдзэу, физкультурэмрэ спортымкIэ егъэджакIуэу лэжьащ, зэхьэзэхуэу зэмылIэужьыгъуэхэм я къызэрагъэпэщакIуэу щытащ. ЩIэблэр псыхьыныкIэ, узынщэныкIэ физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ IэмалыфIу зэрыщытыр иригъаджэхэми, абыхэм я адзанэхэми къагурагIуэрт, ныбжьыщIэхэр секцэхэм хишэрт, игъасэрт.

А лъэхъэнэрщ Владимир сурэт техынми щыдихьэхар. И лэжьыгъэкIэ абы щIэх-щIэхыуэ къыхуихэрт республикэм, къэралым я спортсмен щIэрыуэхэм яхуэзэну. Спортым узыщыгуфIыкIын ехьулIэныгъэхэр къыщызыхьэхэр игъэлапIэу, зэхьэзэхуэхэр гукъинэж ищIу, абы и сурэттехыр «игъэлажьэрт». Апхуэдэ сурэтхэм ящыщ «Ленин гъэзугум» мызэ-мытIэу къытехуа нэужь, абы лэжьакIуэ ирагъэблагъэ Щомахуэр. ЕтIуанэ IэщIагъэ хуэхъуар апэм «текIуэри», псэухуи IэщIыб ищIыжакъым.

Ар набдзэгубдзаплъэт, адрейхэм къафIэмыIуэху куэдым гу лъитэрт. ДызэсэжА Iэхухэм, махуэ къэс дызрихьэлIэхэм нэгъуэщIынэкIэ дригъэплъыфырт абы. «Ди хъуреягъкIэ щыIэ мыпхуэдизэ дахагъэм иджыри къэс щыIэ гу лъыдмытарэ?» - жыпIэу укъыгъэзэгъэжьырт абы и сурэтхэм. Абыхэм я еплъыныгъэ мызэ-мытIэу къызэригъэпэщат Владимири, цIыхухэм ягу ирихьу, сурэттехым фIыщIэ хуащIу щытащ.

Абы и лъэ зытемыува къуажэ ди республикэм щыIэу къыщIэкIынукъым, ари мызэ-мытIэу зыкIэлъыкIуа Iуэхущапкъэ щащIэжьым. Хэти и лэжьыгъэр игъэльапIэу, нэгъуэщIхэми я ныкъусаныгъэхэм гу лъаригъэтэжу. ФIыр цIыхухэм къаригъащIэмэ, щапхъэ дахэ яхуэхъумэ фIэфIт абы.

И сурэттех Iэмэпсымэ хьэпсэкIэ и пIанэ фIэдзэу ар щыгъэмахуи щыщIымахуи республикэм и къалэ, къуажэ пхыдзакъэм кIуэрт. Зи дуней тетыкIэкIэ, лжьхьэкIэкIэ щапхъэ зыгъэльагъуэ цIыхухэр республикэм хуейуэ къилъытэрт абы. ФIым къыдэкIуэу, мыхъумыщIагъэми и нэр хуиуфIыщIырт зэкъым, атIэ утыку Iуэху ищIыфырт Щомахуэм, ар зи зэранхэр ныкъусаныгъэхэр ягъэззэкIуэжьным ирихуIэрт.

Псалъэм папщIэ, ухуэныгъэ къарагъэжьауэ, и кIэм нагъэсын Iуэхуи зэрамыхуэжу, и хъуреягъыр пабжьэу зэщIэкIэжауэ ирихьэлIамэ, ар зэхигъэкIыным яужь ихьэнт, зи зэраныр кьищIэнти, тхыгъи щыгъуу сурэт репортаж газетым кьихьынт. «КъищэкIуахэр» щыфIым деж къыпигуфIыкIыу, щымыхъумыщIагъэм деж и нэгур зэхэуфауэ редакцэм къекIуэлIэжырт. Ауэ нэхъыбэм нэфIэгуфIэт ар.

И лэжьыгъэфIми хуэфащэ пщIэ игъэтащ Щомахуэм: абы ЩIыхь тхыльхэр, саугъэтхэр къыхуагъэфащащ, «КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэри кьыфIащащ.

ЦIыхухэр къезышалIэ хьэл дахи иIэт абы, и гуныIалъэри зэи нэщI хъуртэкъым. Гупыр зыгъэгупыр гуп и уасэщ, псэпъафэр зытражыIыкIахэм ящыщт: ємызэшу сыхьэт бжыгъэкIэ гушыIэ хъыбархэр жиIэфырт. Иджыри зы гуфIэгъуэ зэхьхьи редакцэм щекIуэкIыркъым «Щомахуэм и гушыIэхэр я Iэнэм темыпIу», ар игу ягъэмыгъэкIыжу.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, блэкIа зэманым итущ Володя и IуэхущIафэхэм нобэ дазэрытепсэлъыхьыр - 2003 гъэм накъыгъэм и 15-м ар дунейм ехыжащ. Щомахуэр къытхэмытыжми, абы и гуащIэшхуи газетым къызэрыхэнар тщыгъупщэркъым.

САНЭ Маринэ.

Зи лэжьыгъэм хуэIэижь

«ЗыщIыфым ещIри, зымыщIыфым егъэIущ зэрищIын хуеймкIэ», - жиIэгъащ тхакIуэшхуэ Шоу Бернард. Журналист, щIэныгъэлI, егъэджакIуэ, тхакIуэ икIи зэдзэкIакIуэ ТIымыжь Хьэмыщэ цIэрыIуэ зыщIар а IэнатIэ псоми фIыуэ зэрыхищIыкIырщ. Ар зыщIымыгъуаз эм тепсэлъыхьынукъым, ауэ ищIэмкIэ хэти дэгугъэшэну хьэзырщ.

ДЖЫЛАХЪСТЭНЕЙ щIыналъэм и къуажэ пхыдзам къыщалъхуа икIи къыщыхьуа Хьэмыщэ зэи зытемыкI хабзэ иIэжщ, мы гупсысэм тещIыхьауэ: «Ари сэ схуэдэ цIыхущ. Абы щыхуэзфIэкIкIэ, сэри схуэзфIэкIын хуейщ». Абы сыт щыгъуи и гъуаэзщ зыпэрыт IэнатIэм - еджэнми лэжьэнми - екъулIэхэр. Арагъэнщ езыми и мурадыр къыщIехъулIэр.

Курп Ищэ (Ислъэмей) школыр «тху» защIэкIэ къэзыуха щIалэм хуэзIухат еджапIэ нэхъыщхьэ куэдым я бжэр. АрщхьэкIэ журналист Iэщ1агъэм дихьэха ныбжьыщIэр Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и филологие факультетым и адыгэбзэ къудамэм щIэтIысхьащ. ИлъэситI нэхъ дэмыкIыу Iэмал хьарзынэ къыкуэкъэкIащ абы: ТIымыжьыр Москва Ломоносовым и цIэр зезыхьэ и университетым журналистикэмкIэ и факультетым и студент хъуащ, Гоголь Николай и цIэр зезыхьэ стипендиер къихьуи фIыуэ еджащ.

Москва и еджапIэ нэхъыщхьэм и диплом зиIэм и Iуэхур а зэманым нэхъ тыншт: ТIымыжьым лэжьагъэхэм зыгъэкIуэтэфын лэжьакIуэ къахьыхьат гупым.

«Жэщ редакцэми» щылэжьэн хуейуэ мызэ-мытIэу къыхуихуащ МуIэед. Пщэдджыжьым жьыуэ Iэхум яужь ихьами, газетыр къыщыдэкIыр жэщырт. Гувауэ зи лэжьыгъэр зыуха гупыр зэрыкIуэжьын ямыгъэуту къыщынэр, ахэр зэбгрызышьыжьын хуей машинэр къыщымыкIуэр щащIэтэкъым. Апхуэдэхэм деж, МуIэед и «хэрэгъулIгъуэр» хуэзамэ, уэрамым дыкъыдинэу зэи кIуэжакъым. Гугъу едмыгъэхьыну зытхъунщIэми, дэтхэнэри и унэм нигъэсыжьыри, итIанэт езыр Нарткъалэ щыкIуэжыр. Ар къытехьэлъэу зэи гу зылъыдигъэтакъым, лэжьыгъэ нэужьым апхуэдэ Iуэхугъэбзэ зыгуэрым хуэпщIэныр зэрымытынщыр дэ фIыуэ тщIэ пэтми.

Мис апхуэдэ гуапагъэ, хабзэ дахэ куэд къыткIэлъыIэзэрихьащ МуIэед дэлэжьахэм. Адыгагъэу и адэ-анэм я жьэгум къыщыщтар игъэпэжу ноби къоГуэгурыкIуэ Гъубжокъуэр.

Дахэу къытхэта цIыху зэпIэзэрытыр илъэс зыбжанэ фIэкIа къыддэмылажьэу дигу кьеуэу IукIыжащ. Аущ газетым щымылэжьэжми, абы зэрыпыщIа «лъынтхуэхэр» зэпычатэкъым - ар Федеральнэ пощт зэпыщIэнныгъэхэмкIэ республикэ управленэм и Аруан район къудамэм и унафэщIу ягъэуври, и анэдэлъхубзэкIэ къыддэкI газет закъуэм и нэIэ къытет зэпытащ.

НАРТЫЖЬ Ринэ.

Зэманыр пщIэншэу щигъэкIуэд къэхъуртэкъым

НэхъыжьыфI зимыIэм къэкIуэныфIи иIэкъым, жаIэ. «Адыгэ псалъэ» газетми щIэблэм гуаузэ яхуэхъу нэхъыжь Iущхэри иIэурэ къокIуэкI. Журналист ныбжьыщIэ къахыхьэхэр зыуцциифхэм, абыхэм чэнджэщэгъу яхуэхъухэм ящыщт Къамбий Зуфар.

АБы И АДЭ Къамбий Ахьмэд и унагъуэр Къармэхъэблэ пщIэ нэхъ зыщыхуащIхэм, зи цIэ фIыкIэ жаIэхэм ящыщт. Жылэр зыгъэпсэу мэкъумэш щIэнми щыпэрытти, щIэнгъэми пщIэ щыхуащIырт. Апхуэдэ унагъуэм къыщыхъу щIалэ цIыкIур еджэнкIи хьэлщэнкIи школым щапхъэу щагъэлъагъуэрт.

Курыт школыр къиуха нэужь, хуабжьу дзэзыхьэх тхыдэм хуеджэну мурад ищIри, Къэбэрдей къэрал педагогикэ институтым щIэтIысхьащ Зуфар. НэхъыфIу еджахэм ящыщу ар къеухри, егъэджакIуэу илъэситIкIэ мэлажьэ. А лъэхъэнэм Зуфар журналистикэми дехьэх, республикэм къыщыдэкI газетхэм тхэуэ щIедзэ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ лэжьакIуэхэр зи мащIэ «Ленин гъэзугум» и унафэщIхэм гу лъатэ Iуэху куэдым адыгэбзэкIэ IэкIуэлъакIуэу тетыхьх Къамбийм икIи ар 1958 гъэм корректору редакцэм ящтэ, куэд дэмыкIыу щэнхабзэмкIэ къудамэм и литературэ лэжьакIуэу ягъэув.

ЩIалэ жаным, хэлъэт зиIэм и лэжьэкIэр, и зэфIэкIыр унафэщIхэм гунэс ящIэжу. Абыхэм гу лъатэ Къамбийр газетым еджэхэм, редакцэм къатхэхэм фIыуэ япыщIауэ, ядэлажьэу зэрыщытми, письмохэмкIэ къудамэм и унафэщIу ягъэув. Мыбдежми Зуфар и Iуэху къызэгъэпэщыкIэр редколлегием хэтхэм кьабыл ящэхьу. Ар ядалажьэрт республикэм и район псоми щыщ къуажэ корреспондентхэм, абы и фIыгъэкIи щIэджыкIакIуэхэр щыгъуазэ хьурт Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм щыхъыбархэм. Апхуэдэуэрэ, Къамбийм и пщэ ирилъхьэ «редакцэм и штаб» жыхуаIэ секретариатым щылэжьэну - ар ягъэув зэуэ зыхь секретарым и къуэдзэу.

А зэманым районхэм къыщыдэкI газетхэр сыт и лъэныкъуэкIи егъэфIэкIуэн хуейуэ партым къегъуэ. А лэжьыгъэр тэмэму къызэзыгъэпэщынхэр, щIэныгъэфI зиIэхэр къыщыхахым, Къамбий Зуфар а къаланым хъарзынэу пэлъэщыну къалъытэр, КПСС-м и обкомым 1976 гъэм ар егъэув Бахъсэн къалэ къыщыдэкI «Коммунист» газетым и редакторыу.

КъыжьIэн хуейщ Зуфар дзыкъ хуэзыщIахэр мыбдежми зэримыгъэщIэхьуар. Абы район газетыр и теплъэкIи, и бзэкIи, и купщIэкIи иригъэфIэкIуащ. Къэбгъэльагъуэмэ, «Коммунист»-р район газетхэм я Союзэпсо епльыныгъэу Москва кьалэм щекIуэкIам хэтащ икIи абы етIуанэ увыпIэр къыщихьри, дыжьын медали къыщыуагъэфэщащэу щытащ.

Къамбийр а IэнатIэ мытыншым илъэс пщыкIутIкIэ пэрытащ, и бынунагъэр Налшык дэсти, езыр Бахъсэн кIуэр-къэкIуэжу щылажьэу. Пэрытащ щытхъу хьэхуэжаIэу, газетыр щапхъэу ягъэльагъуэу. 1987 гъэм Зуфар «Ленин гъэзугу» газетым къигъэзэжащ лэжьыгъэм нэхъри хуэIэзэ хьуауэ. Журналист набдзэгубдзаплъэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдым тетхьыжьыр, зыгъэпIейтей Iэхуэхэр газетеджэхэм ярихьэлIэрэ езыхэри абы кьыпэджэжу. Апхуэдэу илъэс куэдкIэ лэжьащ Къамбийр.

Зуфар журналистым и мызакъуэу икIи тхакIуэт. Абы и Iэдакъэщ1кI повестхэмрэ рассказхэмрэ зэрыт тхьилъхэу «Дзадзурэ», «Шагъыр», «ЩолэхъУ» жыхуиIэхэр къыдэкIащ, «Дзадзурэ» повестыр урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым тетащ. Пенсэ кIуэуэ тIысыжа иужь, и лэжьыгъэ ныкъуэщIхэм зретыж Къамбийм. Абы и нэ къыхуикIырт къэбэрдей пщы цIэрыIуэ ХьэтIохъущокъуэ Исмел и гъащIэм теухуауэ зэлэжь тхыльыр иухыу къыдигъэкIыным. Абы щыщ пычыгъуэ 2002 гъэм «Іащщхьэмахуэ» журналым тетат. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, а лэжьыгъэр и кIэм нимыгъэсауэ кьэнащ.

Зуфар очерк куэд дыдэ итхащ и лъэхъэнэгъуэм, гъащIэм, лэжьыгъэм къыжжаныкIэхэм, щIэ хэзылъхьэхэм, щIэныгъэлIэхэм, зауэм, лэжьыгъэм я ветеранхэм, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ. Абыхэм ящыщхэр щыздзэхьэса тхылъ кьыдигъэкIыну игъэхьэзырауэ щытащ.

Къамбийр цIыху зэщIэкъуат - и лэжьыгъэм зы щыщIригъэхи, зэманыр пщIэншэу щигъэкIуэди щыIэтэкъым - щыапхуэдэт лэжьаIэпэм унэми. ПщIэ ищIыфырт, нэмыс хэлът, езыми зыхуригъэщIыфырт. Зуфар зыцIыхуу щытахэм ноби я нэгу зэрыщIэтыр апхуэдэущ.

Илъэс куэдкIэ гуапэу кьытхэта ди лэжьэгъуэ щIэблэ хъарзыни къыщIэхъуащ. И бынипIми щIэныгъэ, IэщIагъэ яIэщ, гъащIэм хэзэгъахэу хъарзынэу мэпсэу.

ИНАЛЫКЪУЭ МагI.

Журналистхэм я зэIущIэ. 1982 гъэ

«Адыгэ псалъэ» газетым и хьэщIэщ сабий усакIуэ АфIэунэ Лиуан. Абы бгъэдэсу ТхьэмокIуэ Барэсбий. ЩIытхэщ *(сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ)* **Уэрэзей Рашид, Шал Мухьэмэд, Хьэжыкъарэ Алик сымэ.** *2009 гъэ*

Дунейм и нэху, гъащIэм и дыгъэ

● Мэкъуауэгъуэм и 1-р Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

Ди IэфI, ди фIыгъуэ, ди гурыфIыгъуэ

Дэтхэнэ адэ-анэм и дежкIи быныр IэфIы, зыхуэбгъадэ хъун щымыIэ фIыгъуэщ, гъащIэм и гурыфIыгъуэщ. Апхуэдэуэ къэралым и дежкIи лъапIэныгъэшхуэщ гупсысэ куурэ гъэсэныгъэ екIуэ зыхэлъ щIэблэ узынщэ хэкум къитэджэныр. Ипэжыпхъ IэкIэ жыпIэмэ, сыт-тIэ сабийм, быным нэхърэ нэхъ лъапIэу щыIэр? Абы хуэбгъэдэфын хъугъуэфIыгъуэ ди Тхьэм къигъэщIакъым.

ЩIы ХЪУРЕЙМ и къэрал 30-м щIигъум нобэ щагъэлъапIэ Сабийхэр хъумэным и дунейпсо махуэр. Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН-м) абы теухуа унафэ щхьэхуэ хъыззэрищтэрэ илъэс 70-м нэсащ. Ар къыщыхъуар 1950 гъэм и мэзаем и 1-ращ. А махуэшхуэр уэзыхунымкIэ апэу жэрдэм къыхэзылъхьар ЦIыхубзхэм я дунейпсо демократие федерацэращ. IуэхугъуэщIэр ДИнГащ ООН-м икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитынигъэхэр, я узынщагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгухьэныгъэмэ зэфIих лэжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлIахэр апэ игъэщIупхъэу къыльытащ.

ЦIыкIухэм я Iуэхур хэпщIыкIыу ефIэкIуэн папщIэ, ООН-м апэщIыкIэ къыщтащ Сабийм иIэ хуитынигъэхэмкIэ Декларацэ, иужькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ. Аэр ди къэралым къыщIальытар илъэс 11 дэкIа нэхъыщ. Нобэ а IэнатIэр ди къэралым щэщIауэ сабийм и щIалажь. Сабийм и хуитынгъэхэмкIэ УФ-м и Президентым и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ. Ар зи пашэ IэнатIэм и нэIэм тKIийуэ щIэту мэлажь «Сабийгъуэм и илъэсипщI» къэрал программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий садхэм я Iуэхутхьбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфынy Iэмал етыныр, курыт школхэм етIуанэ, ещанэ сменэхэр щымыIэжыныр, щытыкIэ гугъум ихуа унагъуэхэм щапI сабийхэм, зи узынщаныэм сэкъат иIэхэм хэхауэ защIэгъэкъуэныр, нэгъэщIхэри.

А псори къальытэ УФ-м и унафэщIхэм икIи къытщIэхъуэ щIэблэм ехьэлIа Iуэхугъуэхэр къэрал мыхьэнэ зиIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэу ягъэув. Сабиигъуэм ди къэралым хуищI гулъытэм илъэс къэс хохьуэ. 2007 гъэ ГъэмакIуэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ псоми щолажьэ «Анэм и мыльку» программэ хэхар. Анэхэм хухах мылькур, сом мин 250-у кьежьа дэIэпыкъунымкIэ апэу етIуанэ (ещанэ...) зыгъуэт анэм ирагъэтыр, нэгъабэ лъандэрэ хъуащ сом мин 450-м щIигу. Аэхъшэрэ трагъэкIуа ООН-м икIи унафэ ищIащ сабийхэм я хуитынигъэхэр, я узынщагъэр, уеблэмэ я гъащIэр хъумэным гулъытэ хуащIын хуейуэ. Езы дунейпсо зэгухьэныгъэмэ зэфIих лэжьыгъэ псоми ящыщу сабийхэм ехьэлIахэр апэ игъэщIупхъэу къыльытащ.

ЦIыкIухэм я Iуэхур хэпщIыкIыу ефIэкIуэн папщIэ, ООН-м апэщIыкIэ къыщтащ Сабийм иIэ хуитынигъэхэмкIэ Декларацэ, иужькIэ, 1979 гъэм, Конвенцэ щхьэхуэ. Аэр ди къэралым къыщIальытар илъэс 11 дэкIа нэхъыщ. Нобэ а IэнатIэр ди къэралым щэщIауэ сабийм и щIалажь. Сабийм и хуитынгъэхэмкIэ УФ-м и Президентым и уполномоченнэщ Кузнецовэ Аннэ. Ар зи пашэ IэнатIэм и нэIэм тKIийуэ щIэту мэлажь «Сабиигъуэм и илъэсипщI» къэрал программэр. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий садхэм я Iуэхутхьбзэхэм хуэныкъуэ псоми ар къагъэсэбэпыфынy Iэмал етыныр, курыт школхэм ет

● Фэ фщIэрэ?

Къуеийм сыт хуэдиз и ныбжь?

Мы шхыныгъуэ хьэлэмэтыр куэд дыдэ щIауэ цIыхухэм фIыуэ ялъагъу. Ауэ зыми ищIэркъым абы и ныбжьыр зыхуэдизыр. Ди эрэм и пэкIэ IV лIэщIыгъуэм алыдж еджагъэшхуэ, философ цIэрыIуэ Аристотель иубзыхуауэ щытащ куэдыр зэрыхах щIыкIэр. Ауэ Урысеийм ар къыщысар XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэрщ. Ауэ къэгъэльэгъуэн хуейщ абы и щэхухэр илъэсищэ зыбжанэ хъуауэ адыгэхэм зэращIэр.

Мелыйычхэм кърагъэлат

Америкэм щыщ еджагъэшхуэ - физик Вуд Роберт лажьэуэрэ ешати, мурад ищIат мэзым кIуэуэ тIэкIу зигъэпсэхуну. Мэзым щIэту здэкIуэм, и пхъум и макъ зэхихащ: «Папэ, адэкIэ умыкIуэ, къэувыIэ!» Роберт къэувыIащ, зиплъыхьащ, ауэ къеджар къыхуэгъуэтакъым. Ежьэжри, зы лъэбакъуэ фIэкIа ичатэкъым, метр зыщыплIкIэ нэхъ пэмыжьжьу щыблэ къыщыуам икIи жыг абрагъуэр щызэгуихам. Мелыйычхэм кърагъэлауэ аращ жаIар.

И насыпти...

Инджылызым и правительствэм и Iэтащхьэу щыта Черчилль Уинстон куэди къыщыщIырт, куэдми къелащ. Мис абыхэм ящыщ зы. 1941 гъэм и бжьыхьэм зенит батареем и Iуэху зытетыр зригъэпъагъуну кIуат. Псори зэфIэкIагъэ машинэхэм къыщитIысхьэкым, и хъумакIуэм машинэм и пэ бжар премьерым хуIуихащ. «Уимыт!ысхьэ» къыжриIэу зы макъ гуэр зэхихащ абы. ИтIанэ и щIыбагъ бжэмкIэ итIысхащ. Машинэр ежьэну хунэсатэкъым ипэмкIэ бомбэ къыщыуам. Шоферри премьерым и хъумакIуэри иукIащ, езы Черчилль къелащ.

Дунейм и къалэ нэхъ дахэ дыдэхэр

Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) 1502 гъэм португалхэм ухуэн щIадзащ. Иджыпсту абы цIыху мелуани 10 хуэдиз дэсщ, тенджызэ кIэухъ тедзапIэ, аэропорт инхэр, щIэныгъэмрэ щIэнхабзэмрэ я центрхэр, дуней псом щынэхъ ин дыдэ стадион щыIэщ. «Мараканья» стадионым цIыху мин 22-рэ йохуэ. Къалэм щыкуэдщ музейхэр, театрхэр, еджапIэхэр, тхыдэм, архитектурэм я фэеплъхэр, тенджызэ Iуфэ зыгъэпскIыпIэхэр. Дунейм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм езы Бразилиеми къикIыу махуэ къэс мы къалэм цIыху мелуаницым нэс къохIуэ.

Уасэр къыщежьар

Пасэрей алыдж тхыдэтх Геродот (ди эрэм и пэкIэ 490-425 гъ.) зэриткIажмкIэ, пасэрей Иллиримм (Балканэм щыIа къэралыгъуэщ) хабзэ гъэщIэгъуэн щекIуэкIырт. Зи дэкIуэгъуэ хъуа хъыджэбзэр ящэхурт. Абдежым уасэр къыщежьауэ хуагъэфащэ.

● Дыщэлъхуа щIыналъэм

Гъэмахуэр къохьэ.

● ГушыIэ

Абы нэхърэ нэхъ пэж сыхуэмей

Хьэблэ гуэр щIыэт, жаIэ, дэсхэр зэрыгъэсэжауэ, пцIы яупс фIэкIа пэж къыбжезыIэфын яхэмыту. Абы и хьыбар яхэмыIуэу къэнакъым цIыхухэм. А гъэщIэгъуэныр щызэхихым: «Уэлэхьи, сэ зы пэж гуэр къапысмыхауэ сымыувыIэн!» - жиIэри кIуат абыхэм я деж щIалэ гуэр.

«Пэжу пIэрэ цIыхуэ жаIэр, - егупсысыр ар. - Пэж жызыIэ щызмыгъуэтыну ара а щIыпIэм?»

Хьэблэм дэсыр къызэхуэсати, яхэупщIыхьащ, мыпхуэдэ Iэхуу зэхэзгъэкIыну сыкъэкIуащи, пэжыр къызжефIэ, жиIэри.

- Уэлэхьи, тщIэмкIэ дыбдэгуэшэнмэ, - жеIэри я нэхъыжьыIуэр къоув.

ЛIыжь цIыкIум хужьIэр жиIэри, иджы уэ уи чэзущ, къригъэкIыу, къыбгъэдэтым хуеплъэкIащ. Адрейми зимыгъэгувэу абы къыпищащ, ещанэми, еплIанэми... епщIанэми зыгуэр кърагъэкIыжкI. ХьэщIэм и фIэщ хъун гуэри къыхэкIыртэкъым, шыпсэм хуэдэт зэхих псори. ЖиIэнур имыщIэу яхэплъэрт ар къызэхуэсахэм. Гупым я нэхъыщIэр къопсалъэ:

- Уэлэхьи, ди хьэщIэ лъапIэ, уэ пэж лъыхъуэ укъежьауэ арамэ, ди деж апхуэдэ щумыгъуэтыну. Зэман умыгъэкIуэду, кIуэи нэгъуэщI щIыпIэ щылъхьуэ а уи пэжым.

- Уэ къызжеIам нэхърэ нэхъ пэж сыхуэмызэнкIэ тхьэ соIуэ! - жиIэри хьэблэ пцIыупсым я хьэщIэр екъежащ. Ар арэзы хъуат: Тхьэ иIуар игъэпэжат - къапихат пцIыупс хьэблэм пэж.

МЫСОСТ Пагуэ.

● Жыгъэуэхэр

ПщылIынур пщыншэ хъуркъым

♦И мыIуэху зезыхуэм и щхьэм деж къыщрегъажьэ.
♦Зыри жумыIэнри псалъэ лIэужьыгъуэщ.
♦Зыр щымыделэмэ, тIум я зыр губзыгъэт.
♦БжызоIэ гъущI гуащIэ: къэш жыхуаIэр зымыщIэм занщIэу щIагъуэкъым - ульийуэрэ зэпкъролъэлъ.
♦Губзыгъэр делэ ящI, делэр губзыгъэ зыщIа щыIэкъым.
♦Делэм уфIэкIыурэ губзыгъэр къыпфIэкIыу уохъу.
♦Закъуэныгъэр тIу мэхъу: зыр лъагапIэщ, адрейр къуэгъэнапIэщ.
♦И напэр ищэжыну зыгуэр бззэрым техьати, пэчом къыжраIакъым: уимыIэр ящэхун?
♦ЛIар фIыкIэ уигу къэгъэкIыж, псэуху иупэсар ирикъунщ.
♦Мэлыр и бжьакъуэм щыгугъыу, дыгъужь бжьэншэм щремыхьэ.
♦Ныбжьэгъуми жагъуэгъуми дагъей: зым дунейм дызэрехьужьинур, адрейм - дызэрытетыр.
♦Мор къыптехьукIащ, жаIэри номиным цIыху гуэр ирагъэлъэгъуати, щхьэрыгъажэ ищIащ.
♦ПщылIынур пщыншэ хъуркъым.
♦Фадэмрэ тутыныжьмрэ фашхэ лIэужьыгъуэщ: уегIэхьуху, мэятэ.
♦Хъун гуэр жыпIамэ, зэ къытегъэзэж, апхуэдэр занщIэу зэхахыркъым.
♦ЦIыхуэр ящэн ипэкIэ, къахуэщэхум йоплъ.
♦Ныкъым хуэдэу уи гуапэ зыщыфын щыIэщ, ауэ апхуэдэу уи жагъуэ зыми хуэщIынукъым.
♦Пэр дэгъэзеигъуафIэщ, щхьэр гъэщхьигъуейщ.
♦Сэ сэщхь ныбжьэгъу ныбжьэгъуу сыхулIэ.
♦ЦIыхуэм зыхуейр дыжьыI, и псалъэр Iэпыбудащ.
♦ПщIым урихьэжьэмэ, утыкум урехьэ.
♦Напэр зэ ящэху, итIанэ иросондэджэр.

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

А тIур зэрышат фIыуэ зэрылъагъуэ. Пэжу пIэрэт зэрылъагъур, хьэмэрэ апхуэдэу къафIощI къудейт? КъыпфIэщIымрэ пэжымрэ куэд я зэхуакуц. Зэман кIыхьрэ Iуэху зьбжанэкIэ бгъэунэхуауэ, узытемышыныхьжьын гуэхэлъ быдэ уиIэмэщ лъагъуныгъэр щцIэжыр. Зэ зэлуцIэгъуэкIэ цIыхур и телъэкIэ уигу ирихьами, и дуней тетыкIакIэ, и хьэлкIэ ар бгъэунэхумэ укъэзымыгъэпцIэжынщ. Ауэ зигу лъагъуныгъэ къридзар а псом елIалIэрэ? Лъагъуныгъэ зыщIар Iейм хуэнэфщ, хуэдэгущ, фIыуэ ильэгъуам дилъагъу псори фIэдаг-хащ. Абы и хьэтыркIэ сытри хуэщIэну, ишэчыну къыщохьу.

А тIур зэрышэн ипэкIэ, илъэс зьбжанэкIэ здэгушыIат, зэрыщIыхунри а зэманыр ярикъун хуеят. ЩыIэзэмылъагъум дуней нэхур я нэм къыIуимыдзэу къафIэщIырт. Къуажэ зырыз щыпсэуми, зыдэсыр зэгъунэгъу къуажэти, гуГуеях хэмылъу махуэ кьэс зэхуэззэрт. Къэхъуртэкъым щыхэхумыдзэ, гухэпъ зыхуаIуатэу щыдзэмыпсалъэ махуэ. Хуэбгъэфащэнтэкъым зым и хьэлымрэ и гурылъымрэ адрейм химыщIыкI щыIэжу, апхуэдизу я гур зэхуэзIуха я гуГэти. А тIум я лъагъуныгъэм къыпэлъэщын щыIэу фIэщщцIыгъуейт. ФIыуэ зэрылъэгъуахэм, ирагъалеиIуэу зэрыжаIэм хуэдэу, зыр имыIэу адрейр мьпсэуфыным хуэдэт. А тIур зэрыщэрэ, я гъащIэр зы ящIмэ, дуней псор яГъэдэхэн пфIэщIынт, я лъагъуныгъэр дунейм цIырыIуэ щыхъуарэ, цIыхуу щыIэр кьехъуапсэу. КьызыхэкIа лъэпкъитIри япэрыуаэкым абыхэм. - Арати, зэманыр къэсри, хъуащ а тIур зэщхьэгъусэ.

Ныбжьыщ!ITым, зэманыр къэсри, аргуэру я гуфIэгъэуэм кьыхэхъуат - бын яГъэятат. ЗэкIэлъыкIуэу къахуэпIащIэ насыпым я щхьэр игъэунэзэ хуэдэт абыхэм. Сыт я гукъеуэ? ЗыщIэхъуэпс псори яГъэт, уафэм кьехуэх хуэдэ, зэгурыIуэ-зэдэIуэжу мэпсэу. ГъащIэм щыхабзэщ ар - гугъуехьрэ гъэпощхьэпорэ ухуэмызэку, узыуфей псори тыншу кьыпIэрыхьэху, гукъеуэ щыIэу пщIэркъым. Ауэ гъащIэр апхуэдэ защIэу екIуэкIыркъым. Унагъуэ ущыхъуакIэ, сабий щыбгъуэтакIэ, ахэр зэрыбгъэпсэун, уи щхьэр зэрупIыжьын ухуей мэхъу.

Защхьэгъусэхэм яIэт Iэщ!агъэ зырыз, ягу иригхьу, иripпсэун я гугъэу зрагъэпъэтауэ. Зэман гуэркIи ирилэжьат я Iэщ!агъэм. Яшхынрэ ящIэнрэ ягъуэтырт. Апхуэдэу щытми, «Узыдэмыхьа къуэладжэ лы дэщ» зэрыжаIэу, къущалъхуэ я лъахэм икIмэ, нэхъыбэ къалэжьыну, нэхъыфIу псэу хъуну трауху я тIур зэчэнджэщэ нэужь.

ГъащIэм цIыхур гъэунэхупIэ иримыгъахуэу къанэркъым. Дунейр жэнэт защIэу епхъкI зэрымыкъур цIыхум я къагуроIуэ. Мы защхьэгъуситIри ихуат апхуэдэ гъэунэхупIэ.

Къуэр балигъ хъуху хуэсакъыу, ягъафIэрэ, фIыкIэ къыщыгугъыу зыпIа адэанэр къагъанэри, дунейм къытехьагъащIэ я сабийр яIыгъыу зэщхьэгъусэхэр ежьащ насыплъхьхуэ. Щалъхуа щIыпIэм щагъуэтым нэхърэ нэхъыбэ хуейт ахэр.

ГутъапIэфIрэ гъащIэм и фIыгъуэ защIэкIэ псэуфа щыIэ? ГуГуехь псэуфрэ жэрдэмрэ хьуымылъхьэу, гъащIэм хъэзыру псори кьыпIэщIилъхьэркъым. ГъащIэ тыншым гуГуехь гуэр пэкIуэн хуейщ. Сабийр гъэпсыгъуэ, гъащIэм зэдэтIыжьынщ», - жиIэри, адэм сабийр кьыздишэжри и хэку, и унэ кьеекIуэлIэжащ...

Абы лъандэрэ зэман гуэри дэкIыжащ, ауэ сабийм и анэр къыкIэлъыкIуэжакъым. ПIыр фызым кIэлъымыкIуам, щыщIэупщIэкIэ, адрейм къыжреIэ гукъеуэ имыIэу, и Iуэху мыIейуэ... ЦIыхум езым и гъащIэ еплъыкIэ иIэжщ, нэгъуэщI и фIэщ пхуэмыщIыну.

НасыпкIэ ущыхъу зэджэжыр сыт? Абы укъыщепIуэ къунущ лъэныкъуэ куэдкIэ, узэрыхуейуэ. ЦIыхум и насыпыр къегъуэтыж езым и ахъылрэ и зэфIэкIкIэ.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. Сабийм пыIэр жьым щхьэрезымыгъэх кIапсэ цIыкIу. **3**. Адыгэ усакIуэ Iэзэу щыта КIэщат ... **7**. Удз: уемыIусэ - укъисынщ. **8**. МафIэс ин. **9**. БгитI зэхуаку. **10**. «Гукъыдэж» псалъэр нэгъэщIу зэрыжаIэ. **13**. 1992 гъэм ди республикэм щекIуэкIа президент хэхьныгъэхэм кандидату хэтащ КIуэкIуэ Валерий, ... Феликс, Къэрмокъуэ Хьэчим, Иуан Пётр сымэ. **14**. УIэгъэр зэрапхэ. **18**. Перловкэм адыгабзэкIэ зэреджэр. **20**. Уи щхьэ мыузым ... къыумышэкI. **21**. Быр гум зэрыщIащIэ пхъэ. **22**. Аруан районым щыщ къуажэ. **27**. Бгым и бгъэущI. **28**. Чы щIыкIэ къыумыгъэшмэ, ... хьуа иужь упэльэщыжьыкрькъым. **32**. ... хьэрыпI къэралыгъуэ. **34**. Литературэ тхыгъэ. **35**. ГъэшхэкI. **36**. Унащхьэ блыным декIуэкI натIэ. **37**. ЦIыхубз пшэрыхь ... **38**. ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ.

Къехьу: **1**. Гъуа нэужь жьым кърихьэкI губгъуэ удзыжь. **2**. Псы кьиуа. **4**. ЛъхукъуэлIыр шым бгъэшэсмэ, ар уфIещт. **5**. Пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу, шейхэдзэ. **6**. Зи цIэ изыйуэж кьуалэбзу. **11**. Зи акъылыр зэтемысыж цIыху. **12**. Европэм и къэрал нэхъ ин дыдэм къыкIэлъыкIуэм и къалащхьэ. **13**. ЩыгъыныМ хищIэ хьэпIащIэ. **15**. ТхъуцIынэ гъэвжам къытрищIэ дагъэ. **16**. ЦIыху къарууфIэ. Е щыхь пIащэ. **17**. ЦIыху зыпI цIыху уасэ ... **19**. Школ пщIантIэм сабийхэр ... къэпщIауэ щызэрызохьэ. **23**. Кьэнжал хьэку цIыкIу. **24**. Мэзым щIэс псэущхьэ бзаджэ цIыкIу, джэд дыгъуныр и щIасэу. **25**. Адыгэ къэфэкIэ. **26**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфI. **29**. Бахъсэн куейм хиубыдэ къуажэ цIыкIу. **30**. ЩIыпIэ хуабжэм щыпсэу зыхэкIэкъуэкIэ шынагъуэ. Е цIыхухъуцIэ. **31**. ТепIэнщIэлъын. **33**. Спорт зэхьэзэхуэм 2-нэ уеыпIэр щызыубыдащ щIалэм ... медаль иратащ. **35**. Таурыхъ, псысэ, ...

Зэхэзыльхьар **МЫЗ Ахьмэдщ.**

Накъыгъэм и 25-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **1**. Лъей. **4**. Гуэдз. **6**. Владикавказ. **9**. Пыл. **11**. Бел. **12**. Номин. **14**. Гъдэ.**15**. Дыщ. **16**. Псы. **17**. Бжэн. **20**. КъурыкIу. **21**. Арму. **23**. Мыщэ. **24**. ЩIакIуэ. **26**. Гупыж. **30**. Къашыргъэ. **31**. Алэрыбгъу. **34**. Тхьэм. **37**. Куэсэ. **38**. Къулей. **39**. Нэгъуд. **40**. Лулэ. **43**. Куба. **46**. Ужьэ. **48**. ЩIэIу. **50**. Бгъэ. **51**. Мазае. **52**. Рим. **54**. Шэмэджгъэдыргъэ. **55**. Дыд. **56**. Быж.

Къехьу: **1**. ЛъэпхъуамбыщIэ. **2**. Алабгъуэ. **3**. НагъыщIэ. **5**. ДзэлыкъуэкIуажэ. **7**. Данэ. **8**. Вынд. **10**. ЛантIэ. **11**. Бззэр. **13**. Мест. **18**. Къурш. **19**. Хъущт. **22**. Уэрэзей. **23**. Мурадин. **25**. Къурашэ. **27**. Пабжьэ. **28**. Шыд. **29**. Гъурц. **32**. Сталинград. **33**. ХьэпIащIэбгъунж. **35**. Кхъулэ. **36**. Кугъуэ. **41**. Лагъым. **42**. Бжьиз. **44**. Уэрэд. **45**. ПщыгъуэшI. **47**. Хьэкъырш. **49**. ЮмпIэ. **50**. Берд.

ГъэунэхупIэ

Рассказ

Къуршхэм, мэзхэм къыщыхъу псэущхьэхэм я лыр куэдкIэ нэхъ Iэфщ икIи нэхъ къуат ящIэлъщ унагъуэ Iэщым ейм нэхърэ, я лыр нэхъ быдэ щхьэкIэ. Сыту жыпIэмэ, а псэущхьэхэр кьэкIыгъэ, шхыныгъуэ хэпIыхьакIэ, кьабзэкIэ машхэ. Псом хуэмыдэу губгъуэ бжэным и лыр адыгэм зыпищI щыIэкъым. Ар узыфэ куэдым я хущхьэуэ къалъытэ.

Мы ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырыр щхьэкIэ нэхъ кIыхьэхэр, зэ къытраГъэхьэщ. МафIэр щабэ ящI, шыуанащхьэр трапIэри, яГъавэ дакъикъи 10 - 12 хуэдизкIэ. ИтIанэ абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр уба, шыуанащхьэр трапIэри, хьэзыр хъуху мафIэ щабэм тету ягъавэ. Шыуанар мафIэм къытрахри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ. Лыр лэпсым къыхахри, тепщэчым иралъхьэ, абы лэпскIэ щIа бжьыныху шыпс траклэри, пштыру яшх. Пластэ щIыпIэ, щIакхъуэ дашх. Лыр яшха неужь хьэнтхъупс пщтырыр трафыхьыж.

Халхьэжэр (цIыхуитI Iыхьэ):
Къазылу е бабыщылу - г 400
Псыуэ - г 1500-рэ
КIэртIофу укъэбзауэ - г 250-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50
Бжьыныху укъэбзауэ - г 40
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдизу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Шхыныгъуэхэр

Губгъуэ бжэным и лымрэ и тхьэмщIыгъумрэ гъэбэкхъауэ

Къуршхэм, мэзхэм къыщыхъу псэущхьэхэм я лыр куэдкIэ нэхъ Iэфщ икIи нэхъ къуат ящIэлъщ унагъуэ Iэщым ейм нэхърэ, я лыр нэхъ быдэ щхьэкIэ. Сыту жыпIэмэ, а псэущхьэхэр кьэкIыгъэ, шхыныгъуэ хэпIыхьакIэ, кьабзэкIэ машхэ. Псом хуэмыдэу губгъуэ бжэным и лыр адыгэм зыпищI щыIэкъым. Ар узыфэ куэдым я хущхьэуэ къалъытэ.

Мы ерыскъыгъуэр ягъэхьэзырыр щхьэкIэ нэхъ кIыхьэхэр, зэ къытраГъэхьэщ. МафIэр щабэ ящI, шыуанащхьэр трапIэри, ягъавэ дакъикъи 10 - 12 хуэдизкIэ. ИтIанэ абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр уба, шыуанащхьэр трапIэри, хьэзыр хъуху мафIэ щабэм тету ягъавэ. Шыуанар мафIэм къытрахри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ. Лыр лэпсым къыхахри, тепщэчым иралъхьэ, абы лэпскIэ щIа бжьыныху шыпс траклэри, пштыру яшх. Пластэ щIыпIэ, щIакхъуэ дашх. Лыр яшха неужь хьэнтхъупс пщтырыр трафыхьыж.

Халхьэжэр (цIыхуитI Iыхьэ):
Къазылу е бабыщылу - г 400
Псыуэ - г 1500-рэ
КIэртIофу укъэбзауэ - г 250-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50
Бжьыныху укъэбзауэ - г 40
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдизу.

Лэпс зэщIэт, къазыл е бабыщыл, кIэртIофу хэлъу

Къаз е бабыщ гъэкъэбзар зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, шыуаным е шыгуным иралъхьэ. Псы щIыIэ щIакIэри, мафIэ иным тету зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтIанэ мафIэр щабэ ящIри, ягъаевэ шыуанащхьэр ныкъуэтепIэурэ, тхъурымбэри дагъэри къытрахыурэ. ИтIанэ абы халъхьэ бзыгъэурэ упщIэта кIэртIофу, зэщIащIэри, зэ къытраГъэхьэщ. МафIэр щабэ ящI, шыуанащхьэр трапIэри, ягъавэ дакъикъи 10 - 12 хуэдизкIэ. ИтIанэ абы халъхьэ щимэ цIыкIуурэ упщIэта бжьыныщхьэ, бжьыныху уба, шыбжий сыр уба, шыуанащхьэр трапIэри, хьэзыр хъуху мафIэ щабэм тету ягъавэ. Шыуанар мафIэм къытрахри, пэшхьэкубгъум трагъэувэ. Лыр лэпсым къыхахри, тепщэчым иралъхьэ, абы лэпскIэ щIа бжьыныху шыпс траклэри, пштыру яшх. Пластэ щIыпIэ, щIакхъуэ дашх. Лыр яшха неужь хьэнтхъупс пщтырыр трафыхьыж.

Халхьэжэр (цIыхуитI Iыхьэ):
Къазылу е бабыщылу - г 400
Псыуэ - г 1500-рэ
КIэртIофу укъэбзауэ - г 250-рэ
Бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50
Бжьыныху укъэбзауэ - г 40
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдизу.

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.

Редактор нэхъыщхьэм и ящэ къуэдзэ
ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

Редколлегием хэтхэр:
ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ! Иэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ IуэхущIапIэхэм ядолжжьнымкIэ - 42-60-53; узымыщагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэтезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ!апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Ленриным и уэрам, 33 (12+)

Мы кэдзэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ,** *редактор* **ЖьэкIэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(4, 5, 6-нэ нап.),* **Нэуэкоокъу Заирэ** *(1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щыгъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.204 ● Заказ №472